ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№55 (24.025) ● 2020 гъэм накъыгъэм (майм) и 14, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІуэкІуэ Казбек муниципалитетхэм я Іэтащхьэхэм яІуощІэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек, видеозэпыщІэныгъэм и Іэмалхэр къигъэсэбэпри, «муниципальнэ сыхьэтым» ипкъ иткІэ дыгъуасэ иригъэкІуэкІащ КЪБР-м и щІыналъэ администрацэхэмрэ къалэ округхэмрэ я Іэтащхьэхэм я зэІущІэ. Абы и лэжьыгъэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий.

НЭХЪЫЩХЬУ зытепсэльыхьа Іэхуэгъуэхэм ящыщыщ республикэм и муниципальнэ щІыналъэхэмрэ къалэ округхэмрэ коронавирус уз зэрыщІалэм зыщамыубгъун папщІэ щрагъэкІуэкІ лэжьыгъэр, псэуплІэ-коммунальнэ хозяйствэм и Іэхуэхтхьэбзэкэр зэрагъэзащІэр, коммунальнэ кІэрыхубжьэрыху быдэкэр зэрызэрагъаКІуэр, 2020 - 2021 гъэхэм я ГъэлпІыгъуэ лъэхъэнэм зэрызыхуагъэхьазырыр.

Щ1ыналъэм и Іэтащхьэм къыхигъэщащ COVID-19-м екъэлІа щытыкІэр нобэкІэ КЪБР-м зэпІэзэрыту икІи я нэІэм щІэту къызэрекІуэкІыр, сымаджэ хъуахэм я бжыгъэм «къызэрыпхимыудыр». «Накъыгъэм и 11-м Президентым къигъэлъэгъащ цІыхухэм езыр-езыру щхьэхуэ зэрызыщащІ щыкІэр субъект къэс хуэмхуэмурэ зэрыІуахыфыну Іэмалхэр. Иджыпстукіэ дэ абы нэхъыщхьэу къигъэувэн дозатгъэ икІи, апхуэдизурэ екІуэкІмэ, накъыгъэм и 15-м иужькІэ утепсэльыхь хъунущ цІыхухэм къыпабубыд Іуэхугъуэхэр зэрагъэщэбэнум», - жиІащ КІуэкІуэм.

Абы къыхэкІыу республикэм и унафэщІым гу лъаригъэтащ япэ лъэхъэнэм зи Іэнатіэм зэрыувэжыну Іуэхущ1апІэхэм, къищынэмыщІауэ, цІыхухэм санитар мардэхэр гъэззэщІэным теухуауэ гурызыгъаІуэ лэжьыгъэ куу ядегъэкІуэкІын зэрыхуейр.

КІуэкІуэ Казбек яжриІащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым нэкІуІупхъуэхэр щызэрахьэн хуей пІалъэм ипкъ иткІэ, транспортымрэ сатущІапІэ центрхэмрэ а щхьэзакъуэ зыхъумэжныныгъэмкІэ Іэмэпсымэхэр пщІэншэу щатыну унафэ къызэращтар.

Къищынэмыщ1ауэ, КІуэкІуэ Казбек къыхигъэщащ накъыгъэм и 11-м Президентым къэралым щ1ипсэухэм защ1ыхьгъэзам цІыхухэм адэкІи зэрызыщІагъэкъуэну Іэмалхэр къызэригъэлъэгъуар: «А Іуэхугъуэхэр, ипэжыпІэкІэ, зэи щымыщащ, ильэс пщыкІухьим нэс зи ныбжь сабийхэр зыщІэс унагъуэ псоми ахъшэкІэ занщІэу дэІэпыкъуныгъэ ираты. Дэ сытри тщІэнуд а лэжьыгъэр ди деж фЫ дыдэу къыщызэгъэпэща хъун икІи цІыхухэм нэхъ псынщІэІуэу дэІэпыкъуныгъэр зыхащІэн папщІэ, ахъшэр тэмэму и чэзум яІэрыхьэу».

Зи Іуэхухэр хуэмыщІа цІыхухэм защІэгъэжъуэныжкІэ, ерыскъыкъэкІэри хьхьэу, социальнэ Іэнатіэхэм я лэжьыгъэми пащэнущ.

Щхьэхуэу зэІущІэм щыхэплащ республикэм и жылагъуэхэр псыкІэ къызэрызэгъэпэща щыкІэм.

Къыхагъэщащ, 2020 гъэм къриубыдэу псы къыщІэшыплІэхэмрэ псы зэбгрышыплІэхэмрэ лэжьыгъэхэр зэрыщІекІуэкІынур «Къуажэ щІыпІэхэм зэпІэзэрыту зажьынкІ» федеральнэ программэмрэ «Къуажэ щІыпІэхэм - нобэрей теплъэ» ведомствэ программэ щхьэхуэмрэ япкъ иткІэ.

Къищынэмыщ1ауэ, КЪБР-м и муниципальнэ къэхъуныгъэхэм я щІыпІэ администрацэхэм зэхагъэуващ объект 64-м теухуа проект-сметэ документацэ, къэрал къэпщытыныгъэр арэзы техъуауэ. Иджыпсту ар зэхьэлІа федеральнэ министерствэм щІыІэщ «Кавказ Ищхъэрэм федеральнэ округым зегъэужьынкІ» Урысей Федерацым и къэрал программэм псыкІэ къызэгъэпэщынным теухуа объектхэр зэраухуэнур щ1ыбзыхуа «Экология» лъэпкъ проектым и «Псы къабзэ» щІыналъэ проектым хагъэхьэн хуэдэу. Документ зэрызэхьазырыр зэкІэ хоплъэ.

Псыкіэ къызэгъэпэща хъун папщІэ объектыр ухуэныр мы гъэм йокІуэкІ «Псэуплэмрэ къалэ щІыпІэмрэ» лъэпкъ проектым хьыхь щІыналъэ Іыхьэм ипкъ иткІэ. Ар «Налшык къалэ округым и псы зэрыкІуэ сетхэмрэ ухуэныгъэхэмрэ зэгъэубгъун, етІуанэ Іыхьэ» проектыращ.

А псом ищыІужкІэ, муниципалитетхэм я Іэтащхьэхэм КІуэкІуэ Казбек пщэрылъ ящищащ псыкІэ къызэгъэпэщыныр ефІэкІуэн папщІэ КЪБР-м и республикэ бюджетым къыхагъэкІ мылькум къызэритаесэм тету лэжьыгъэхэр щІагъэхуабжьэну икІи контрактхэр зэращІылІэныр псынщІэу зэфІагъэкІыну.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

«Щ1эуэ къежьа коронавирус уз зэрыщІалэм земыгъэубгъуным пэщІэт лэжьыгъэхэр щрагъэкІуэкІ лъэхъэнэм узынщагъэр хъумэныкІэ Іэнатіэм и язныкъуэ лэжьакІуэхэм тезыгъэгушхуэ ахъшэ яхуэгъэувыным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм мэлылъхьым и 2-м къыдигъэкІа Указ №33-УГ-м, мыпхуэдизкІэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. «Щ1эуэ къежьа коронавирус уз зэрыщІалэм земыгъэубгъуным пэщІэт лэжьыгъэхэр щрагъэкІуэкІ лъэхъэнэм узынщагъэр хъумэныкІэ Іэнатіэм и язныкъуэ лэжьакІуэхэм тезыгъэгушхуэ ахъшэ яхуэгъэувыным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм мэлылъхьым и 2-м къыдигъэкІа Указ №33-УГ-м, мыпхуэдизкІэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) 1 пунктым:

япэ абзацым «(адэкІэ - Іэнатіэ)» псалъэхэр зэхъуэкІын «,Къэрал клиникэ сымаджэщ №1» узынщагъэр хъумэныкІэ къэрал бюджет Іуэхущ1апІэмрэ Прохладнэ къалэ округымрэ Прохладнэ муниципальнэ щІыналъэмрэ я «Районы сымаджэщ нэхъыщхьэ» узынщагъэр хъумэныкІэ къэрал бюджет Іуэхущ1апІэмрэ» псалъэхэмкІэ;

«а» пункт лъабжьэм и япэ абзацыр мыпхуэдизу къэхьын:

«а) щІэуэ къежьа коронавирус узым къиц1элэнкІэ щынагъуэ пылъу я къалэныр ягъэзащІэу, щІэуэ къежьа коронавирус узыр зыпкъырыт, е щІэуэ къежьа коронавирус узыр къыпкъырыхьауэ щэч зыхуаІ щІыхухэм е1ззэхэм, къищынэмыщІауэ, а къэгъэлъэгъуа цІыхухэм я биологие материалхэм елэжьхэмрэ щІэуэ къежьа коронавирус узым къиц1элэнныкІэ щынагъуэ щІэуэ къззыхуэм комплект щхьэхуэ ящыгъуэ зи лэжьыгъэр езыхьэкІхэм дэтхэнэми етын (физическэ лицохэм я хэхъуэхэм хагъэкІ налогыр къыхаха иужькІэ);»;

«б» пункт лъабжьэм:

Іэнатіэм и лэжьыгъэр къызззыгъэпэщу щІэуэ къежьа коронавирус узым къиц1элаэм е щІэуэ къежьа коронавирус узым къиц1элаэу щэч зыхуащІхэм яІумыуэхэм (физическэ лицохэм я хэхъуэхэм хагъэкІ налогыр къыхаха иужькІэ);»;

еплІанэ абзацым хэгъэкІын «адрей персоналымрэ» псалъэхэр;

б) 2 пунктым «ПІэужьыгъуэ» псалъэр зэхъуэкІын «ЛІэужьыгъуэхэр» псалъэмкІэ, «езы Іуэхущ1апІэм и унафэкІэ, и арэзыныгъэ хэлъу» псалъэхэр зэхъуэкІын «мы Указым и пункт 1-м къыщыгъэлъэгъуа Іуэхущ1апІэм езыхэм я унафэкІэ, и арэзыныгъэ хэлъу» псалъэхэмкІэ.

2. Мы Указым къару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

3. Мы Указым и Іыхьэхэм, тезыгъэгушхуэ мыхьэнэ иІэу мазэ кьэс ят ахъшэхэм, къищынэмыщІауэ ар зэхъэлІа «Къэрал клиникэ сымаджэщ №1» узынщагъэр хъумэныкІэ къэрал бюджет Іэнатіэм и язныкъуэ лэжьакІуэхэм теухуахэм, къызэщІаубыдэ 2020 гъэм мэлылъхьым и 1-м къыщыщІэдзауэ къэхъуа хабзэ зэхущытыкІэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм накъыгъэм и 11-м
№52-РГ

● КЪБР-м и Парламентым

Налог мардэхэм ятеухуауэ

КЪБР-м и Парламентым и депутатхэр хэплъащ икІи елэжьын щІадзащ «Зи Іуэхущіафэм хэхъуэ къыхуэзыхьхэм налог яхуэтъэувыным ельэлІауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законым и проектым.

А ІУЭХУМ теухуауэ щыІэ федеральнэ законым къызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, 2020 гъэм бадзэуэгъэм и 1-м щегъэжьауэ къыхалхьэ Урысей Федерацым и щІыналъэхэм налог мардэщІэхэр къыщапцытэну, хьэрычэтыщІэхэм яхуэгъэзауэ.

Абы ипкъ иткІэ, федеральнэ законодательствэм егъэуф цІыхухэм я хэхъуэм процент 4 щхьэщатыкІыну, зыхьчэтыщІэхэм папщІэ - проценти 6. Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэр сэбэп хъуну къалъытэ хабзэм къезэгъыу щхьэж и Іуэху къызэригъэпэщыжыным, къуэды тралъхьэнкІэ мышынэу я лэжьыгъэм зэрызрагъэужьыным.

ЗэІущІэм щытепсэльыхьащ «Щ1ыуэпс, техногенныгъ къэхъукъащІэ щынагъуэхэм цІыхумрэ щІыналъэмрэ ящыхъумэным теухуауэ» КЪБР-м и законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» КЪБР-м и законым и проектми.

Законопроектэм депутатхэр елэжьа нэужь, КЪБР-м и Парламентыр абыхэм щхьэплъэнущ накъыгъэм и 28-м ирагъэкІуэкІыну зи чэзу зэІущІэм.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Нобэрэ пщэдейрэ

Накъыгъэм и 14, *махуэку*

♦1692 гъэм япэ урыс дзэ къуэхьыр псым трагъэхьащ.

♦1796 гъэм инджылыз еджагъэшхуэ Дженнер Эдуард япэу фэрэкІ хилъхьащ.

♦1878 гъэм США-м и тыкуэнхэм къыщІалъхьащ Инджылызым щыщ химик Чезбро Роберт зэхилъхьа, медицинэми косметологиеми къыщагъэсэбэп вазелиныр.

♦1900 гъэм Франджым и къалащхьэ Париж къыщызэІуахащ II Гъэмахуэ Олимп Джэгухэр.

♦1904 гъэм Сент-Луис (США) къыщызэІуахащ III Гъэмахуэ Олимп Джэгухэр.

♦1948 гъэм Израиль къэралыгъэр къызэрагъэпэщащ.

♦1955 гъэм Албаниемрэ Болгариемрэ ГДР-м, Венгриемрэ, Польшэмрэ, Румыниемрэ, СССР-мрэ, Чехословакиемрэ я лЫкІуэхэм зэращІылІащ зэныбжьэгъуныр, зэдзэлэжьэныр зызэщІэгъэкъуэныр яуагъэпса Варшавэ Зэгурыіуэныгъэр.

♦1995 гъэм Беларусь Республикэм щекІуэкІащ япэ щІыхьэ референдумыр. Абы ипкъ иткІэ къащтауэ щытащ къэралым и ныпымрэ и гербымрэ.

♦2005 гъэм дунейм щыяпэу вертолёт тетІысхьащ ЩІы хъурейм и къурш нэхъ лъагэ дыдэ Эверест и щыгум. Ар зыхузэфІэкІар франджы къъухьлъатэзехуэ Дельсаль Дидьещ.

♦2008 гъэм Санкт-Петербург и «Зенит» футбол клубым УЕФА-м и Кубокыр къихьащ.

♦Экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Тау Пщыкъан** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, 1964 гъэм Японием и къалащхьэ Токио щекІуэкІа XVIII Гъэмахуэ Олимп Джэгухэм атлетикэ псынщІэмкІэ чемпион щыхъуэ **Брумель Валерий** къызэралъхурэ илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Къэрал къулыкъущІэ, тхьдэ щІэныгъэхэм я доктор, Абхъаз Республикэм и япэ президенту щыта **Ардзинбэ Владислав** къызэралъхурэ илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Композитор, музыковед **Блай Тамарэ** къыщащІахуа махуэщ.

♦Совет композитор, усакІуэ, продюсер цІэрыІуэ **Матецкий Владимир** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦УФ-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Урысей банкхэм я зэгухьхьэныгъэм и унафэщІ **Тосунян Гарегин** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦США-м щыщ программист, «Facebook» сетым и къызэгъэпэщакІуэ **Цукерберг Марк** и ныбжьыр илъэс 36-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриттыкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 21-рэ, жэщым градус 11 - 12 щыхъунущ.

Накъыгъэм и 15, *мэрем*

♦Унагъуэхэм я дунейпсо махуэщ

♦Климатым и дунейпсо махуэщ

♦Ешъм и дуней еплъыкІэм къызэремызэгъым къыхэкІыу дзэм къулыкъу щымыщІэным и дунейпсо махуэщ

♦Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм щагъэльапІэ осетиныбзэмрэ литературэмрэ я махуэр

♦1867 гъэм Жор Плъыжьым и Урысей зэгухьэныгъэр къызэрагъэпэщащ.

♦1930 гъэм США-м щыщ Черч Эллен дунейм щыяпэу стюардессэу лэжьэн щІидзащ щытащ.

♦1935 гъэм Москва и метром и япэ къудамэм - «Сокольники» - «Парк культуры» линэм - мафІэгу ириКІащ.

♦1942 гъэм 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр лъэпкъ шуей дивизэр зауэм кІуащ.

♦1945 гъэм Югославием и дзэм иухащ къэралыр фашист зэрыпхъуакІуэхэм къаІэщІэгъэкІыжын.

♦1945 гъэм Москва и радиом къитащ Хэку зауэшхуэм и фронтхэм къикІ иужьрей хъыбарыщІэхэр.

♦1955 гъэм СССР-м, Инджылызым, Франджым, США-м, Австриемрэ Венэ Іэ щытрадзащ Австриемрэ и къэралыгъуэр зэфІэгъэувэжыным, ар демократие хабзэхэм тетыным теуха зэгурыІуэныгъэм.

♦1965 гъэм СССР-м къыщызэрагъэпэщащ ЩІэныгъэхэмкІэ и академием Хъэрш къэхутэныгъэхэмкІэ и институтыр.

♦Урыс биолог, Нобель и саугъэтыр зрата **Мечников Илья** къызэралъхурэ илъэси 175-рэ ирокъу.

♦Урыс суратыщІ цІэрыІуэ **Васнецов Виктор** къызэралъхурэ илъэси 172-рэ ирокъу.

♦Франджы щІэныгъэлІ-физик, Нобель и саугъэтыр зыхуагъэфэща **Кюри Пьер** къызэралъхурэ илъэси 161-рэ ирокъу.

♦Роман цІэрыІуэ куэд зи къалэмыпэм къыщІэкІа урыс тхакІуэ, драматург, режиссёр **Булгаков Михаил** къызэралъхурэ илъэси 129-рэ ирокъу.

♦Щэрджэс тхакІуэ **Темыр Сэлихь** къызэралъхурэ илъэси 117-рэ ирокъу.

♦Режиссёр, УФ-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Адыгэ Республикэм и цІыкубэ артист **Іэхъуэджакіуэ Мэжид** къызэралъхурэ илъэси 107-рэ ирокъу.

♦Драматург, КЪБР-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Акъсырэ Залымхан** къызэралъхурэ илъэси 101-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, драматург, КЪБР-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Дудар Хьэутий** къызэралъхурэ илъэс 99-рэ ирокъу.

♦Совет актрисэ, СССР-м и цІыкубэ артисткэ **Касаткинэ Людмилэ** къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу.

♦Урысей композитор, Совет Союзым и цІыкубэ артист, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Эшпай Андрей** къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу.

♦КЪБР-м и цІыкубэ артист, режиссёр **Шэрыіужь Анатолий** къызэралъхурэ илъэс 87-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, журналист, «Адыгэ псалъэ» газетым и къудамэм и унафэщІу илъэс куэдкІэ лэжьа **Къамбий Зуфар** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.

♦УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Светличная Светланэ** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦Техникэ щІэныгъэхэм я доктор, РАЕН-ми ЩІДАА-ми я академик, РАН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр центрым пщІэ зиІэ и тхьэмадэ **Иуан Пётр** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦УФ-ми, Кубанми, КЪБР-ми щІыхь зиІэ я артист, Адыгэ Республикэм и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща, Зэныбжьэгъугъэм и орденыр зрата **Зыхьэ Заурбий** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Дыщэкі Артур** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриттыкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 26-рэ, жэщым градус 15 - 16 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЪЭКІЭМЫХЪУ Мариэщ.

КІуэкІуэ Казбек муниципалитетхэм я Іэтащхьэхэм яІуощІэ

КІуэкІуэ Казбек, видеозэпыщІэныгъэм и Іэмалхэр къигъэсэбэпри, «муниципальнэ сыхьэтым» ипкъ иткІэ дыгъуасэ иригъэкІуэкІащ КЪБР-м и щІыналъэ администрацэхэмрэ къалэ округхэмрэ я Іэтащхьэхэм я зэІущІэ. Абы и лэжьыгъэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий.

НЭХЪЫЩХЬУ зытепсэльыхьа Іэхуэгъуэхэм ящыщыщ республикэм и муниципальнэ щІыналъэхэмрэ къалэ округхэмрэ коронавирус уз зэрыщІалэм зыщамыубгъун папщІэ щрагъэкІуэкІ лэжьыгъэр, псэуплІэ-коммунальнэ хозяйствэм и Іэхуэхтхьэбзэкэр зэрагъэзащІэр, коммунальнэ кІэрыхубжьэрыху быдэкэр зэрызэрагъаКІуэр, 2020 - 2021 гъэхэм я ГъэлпІыгъуэ лъэхъэнэм зэрызыхуагъэхьазырыр.

Щ1ыналъэм и Іэтащхьэм къыхигъэщащ COVID-19-м екъэлІа щытыкІэр нобэкІэ КЪБР-м зэпІэзэрыту икІи я нэІэм щІэту къызэрекІуэкІыр, сымаджэ хъуахэм я бжыгъэм «къызэрыпхимыудыр». «Накъыгъэм и 11-м Президентым къигъэлъэгъуащ цІыхухэм езыр-езыру щхьэхуэ зэрызыщащІ щыкІэр субъект къэс хуэмхуэмурэ зэрыІуахыфыну Іэмалхэр. Иджыпстукіэ дэ абы нэхъыщхьэу къигъэувэн дозатгъэ икІи, апхуэдизурэ екІуэкІмэ, накъыгъэм и 15-м иужькІэ утепсэльыхь хъунущ цІыхухэм къыпабубыд Іуэхугъуэхэр зэрагъэщэбэнум», - жиІащ КІуэкІуэм.

Абы къыхэкІыу республикэм и унафэщІым гу лъаригъэтащ япэ лъэхъэнэм зи Іэнатіэм зэрыувэжыну Іуэхущ1апІэхэм, къищынэмыщІауэ, цІыхухэм санитар мардэхэр зэрызэщІэным теухуауэ гурызыгъаІуэ лэжьыгъэ куу ядегъэкІуэкІын зэрыхуейр.

КІуэкІуэ Казбек яжриІащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым нэкІуІупхъуэхэр щызэрахьэн пІалъэм ипкъ иткІэ, транспортымрэ сатущІапІэ центрхэмрэ а щхьэзакъуэ зыхъумэжныныгъэмкІэ Іэмэпсымэхэр пщІэншэу щатыну унафэ къызэращтар.

Къищынэмыщ1ауэ, КІуэкІуэ Казбек къыхигъэщащ накъыгъэм и 11-м Президентым къэралым щ1ипсэухэм защ1ыхьгъэзам цІыхухэм адэкІи зэрызыщІагъэкъуэну Іэмалхэр къызэригъэлъэгъуар: «А Іуэхугъуэхэр, ипэжыпІэкІэ, зэи щымыщащ, ильэс пщыкІухьим нэс зи ныбжь сабийхэр зыщІэс унагъуэ псоми ахъшэкІэ занщІэу дэІэпыкъуныгъэр ираты. Дэ сытри тщІэнуд а лэжьыгъэр ди деж фЫ дыдэу къыщызэгъэпэща хъун икІи цІыхухэм нэхъ псынщІэІуэу дэІэпыкъуныгъэр зыхащІэн папщІэ, ахъшэр тэмэму и чэзум яІэрыхьэу».

Зи Іуэхухэр хуэмыщІа цІыхухэм защІэгъэжъуэныжкІэ, ерыскъыкъэкІэри хьхьэу, социальнэ Іэнатіэхэм я лэжьыгъэми пащэнущ.

Щхьэхуэу зэІущІэм щыхэплащ республикэм и жылагъуэхэр псыкІэ къызэрызэгъэпэща щыкІэм.

Къыхагъэщащ, 2020 гъэм къриубыдэу псы къыщІэшыплІэхэмрэ псы зэбгрышыплІэхэмрэ лэжьыгъэхэр зэрыщІекІуэкІынур «Къуажэ щІыпІэхэм зэпІэзэрыту зажьынкІ» федеральнэ программэмрэ «Къуажэ щІыпІэхэм - нобэрей теплъэ» ведомствэ программэ щхьэхуэмрэ ипкъ иткІэ.

Къищынэмыщ1ауэ, КЪБР-м и муниципальнэ къэхъуныгъэхэм я щІыпІэ администрацэхэм зэхагъэуващ объект 64-м теухуа проект-сметэ документацэ, къэрал къэпщытыныгъэр арэзы техъуауэ. Иджыпсту ар зэхьэлІа федеральнэ министерствэм щІыІэщ «Кавказ Ищхъэрэм федеральнэ округым зегъэужьынкІ» Урысей Федерацым и къэрал программэм псыкІэ къызэгъэпэщынным теухуа объектхэр зэраухуэнур щ1ыбзыхуа «Экология» лъэпкъ проектым и «Псы къабзэ» щІыналъэ проектым хагъэхьэн хуэдэу. Документ зэрызэхьазырыр зэкІэ хоплъэ.

Псыкіэ къызэгъэпэща хъун папщІэ объектыр ухуэныр мы гъэм йокІуэкІ «Псэуплэмрэ къалэ щІыпІэмрэ» лъэпкъ проектым хьыхь щІыналъэ Іыхьэм ипкъ иткІэ. Ар «Налшык къалэ округым и псы зэрыкІуэ сетхэмрэ ухуэныгъэхэмрэ зэгъэубгъун, етІуанэ Іыхьэ» проектыращ.

А псом ищыІужкІэ, муниципалитетхэм я Іэтащхьэхэм КІуэкІуэ Казбек пщэрылъ ящищащ псыкІэ къызэгъэпэщыныр ефІэкІуэн папщІэ КЪБР-м и республикэ бюджетым къыхагъэкІ мылькум къызэритаесэм тету лэжьыгъэхэр щІагъэхуабжьэну икІи контрактхэр зэращІылІэныр псынщІэу зэфІагъэкІыну.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Коронавирусым пэщІэт дохутырхэм гулъытэ хуащІ

COVID-19 узыфэр зыпкърытхэм я бжыгъэм иужьрей жэщ-махуэм цІыху 74-рэ къыхэхъуащ. Иджы сымаджэхэр псори зэхэту 1475-рэ мэхъу. Хъужахэм я бжыгъэр 285-м нос. Узыфэ шынагъуэм цІыхуи 7 илІыкІащ.

КЪБР-м коронавирус уз зэрыщІалэр къыщымыгъэхъунымрэ абы зэрызиубгъум щыкІэпхъыныкІэ и операционнэ штабым къызэритымкІэ, COVID-19-р зыпкърытхэм я гъусауэ цІыху 2017-рэ дохутырхэм я кІэлъыплъынигъэм щІэту я унэхэм щыІэжщ. Абыхэм тестхэр ирагъэт, КТ-кІэ я узынщагъэр къапщытэ.

УФ-м Узынщагъэр хъумэныкІэ и министерствэм и клиникэ чэнджащэм тету Компьютер томографием тхьэмбылым узыфэ зэрыщІалэр къезыхьэкІ вирус гуэр хэту къыгъэлъагъуэмэ, COVID-19-р кахутэну ирагъэкІуэкІа тестым къигъэлъэгъуэм емылъытауэ, а цІыхур сымаджэщым ягъэтъуэлъын хуейщ.

Слидымрэ узыфэ зэрыщІалэхэмрэ щеІэзэ, щалэщІэт республикэ центрым цІыхуи 112-рэ щІэлъщ (абыхэм ящыщу 9-р сабийщ). Иужьрей жэщ-махуэм къуриубыдэу коронавирусыр япкърыту 11 къашащ, цІыхуи 2-р щІатхыкІыжащ, сымаджэхэм ящыщу 6-р реанимацэм щІэлъщ (3-р хьэлъэ дыдэу ИВЛ аппаратымкІэ ягъэбауэ).

Налшык къалэ клиникэ сымаджэщ №1-м сымаджэ 193-рэ щІэлъщ (иужьрей жэщ-махуэм 14 къыхэхъуащ). ЦІыху 13 щІатхыкІыжащ. Сымаджэ 16 реанимацэм щІэлъщ, абыхэм ящыщу 8-м я щытыкІэр хьэлъэу ИВЛ аппаратым пащІащ.

Прохладнэ район сымаджэщым узыфэ шынагъуэр япкърыту цІыху 19-м щІэлъщ. Сымаджэ 3 реанимацэм щІэлъщ (1-р ИВЛ аппаратымкІэ ягъэбауэ).

Амбулаторэ кІэлъыплъныныгъэм щІэтщ цІыху 304-рэ (абыхэм ящыщу 39-р сабийщ). Коронавирус узыр зэрапкърытымкІэ нэрылъагъу нэщэнэхэр ямыІэу сымаджэхэм я бжыгъэр 555-рэ мэхъу (132-р сабийщ). Нарткъалэ дэт, УнэтІныныгъэ зыбжанэ зиІэ щІынальэ зэхуакъ сымаджэщым цІыхуи 5 щІэлъщ, Гериатрическэ центрым узыфэр зыпкърыт 14-м щІэлъщ.

COVID-19-м пэщІэт медицинэ лэжьакІуэхэм къащхьэщыжьынымкІэ Іэмалхэр ягъэбелджылащ. Ящыныкъуэ дохутырхэм ират страховой щэсапІэхэм дэщІыгъужьныгъэ щхьэхуэхэр хуащІынущ. Ар зылъыхьынур коронавирус узыфэ шынагъуэм нэхъ егъэщІылІауэ лажьэхэрщ.

Ахъшэ зы тыгъуэхэр яІэрыхьэнущ коронавирус узыфэр зыпкърыт сымаджэхэм медицинэ дэІэпыкъуныгъэ егъэгъуэтыным епха дохутырхэм, курыт, нэхъыщІэ медицинэ лэжьакІуэхэм, «ДэІэпыкъуэгъу псынщІэ» машинэхэм я шофёрхэм.

И лэжьыгъэр игъэзащІэу медицинэ лэжьакІуэр COVID-19 узыфэм илІыкІамэ, страховой щэсапІэр зи сэбэп хэлъхэм я зэхуэдэу сом 2.752.452-рэ мэхъу. ПІалъэкІэ мылажьэфыну, ауэ ныкъуэдыкъуагъэ химыхауэ и узынщагъэм фэбжь игъэтамэ, иратынущ сом 68.811-рэ. Ныкъуэдыгъуагъэ игъэтамэ, абы и хьэлъагъым елъытауэ ахъшэр зэщхьэщыхуэу щытынущ: япэ гупым хьихьэм - сом 2.064.339-рэ, етІуанэм - сом 1.376.226-рэ, ещанэм - сом 688.113-рэ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иэ.

Къызбрун и хъумакІуэхэм папщІэ удз гъэгъахэр

Хэку зауэшхуэм къыщытхьа ТекІуэныгъэ Иным и махуэшхуэм ирихьэлІэу, Бахьсэн районым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ Балъкъыз Артурэрэ Іуащхьэмахуэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ Залиханов Кьанщобийрэ ХьэтІохъущыкъуей къуажэм щыІащ Къызбрун щІыналъэм и хъумакІуэхэм я фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьэн папщІэ. Район унафэщІхэр дакъикъэкІэ яхуэщыгъуащ зауэм хэкІуэдахэм.

- МАХУЭШХУЭР Іэтауэ дгъэлъэпІэну иджыпсту Іэмал димыІэми, зауэм хэкІуэдахэм я фэеплъым пщІэ хуэдмыщІу къытхуэгъэнэнукъым. ХьэтІохъущыкъуей къуажэм и екІуэлІапІэм зыщызыІэт мы лъагапІэм дежщ лЫгъэ яхэлъу ди лЫхьужьхэр щызэуар, - жиІащ Балъкъыз Артур.

Залихановым къыхигъэщащ Налшык къалэм ебгъэрыкІуэну хэта кэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэм япэщІэту Бахьсэн щІыналъэм деж псэемыблэжу ди зауэлІхэр зэрыщызэуар, ар зэи зэрызыщамыгъэгъупщэнур.

Къыхэгъэщыпхъэщ фэеплъыр метр 910-рэ зи Іьагагъ бгы лъапэм деж зэрыщагъахуар, зауэ зэманым зэхэуэ гуащІэхэр абдеж зэрыщекІуэкІам и щыхьэту.

УЛЫМБАЩ Лерэ,
Бахьсэн районым и щІыпІэ администрацэм и пресс-Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ.

Кыщпэкдэсхэр зыпэплъэ зэгъэпэщыжынигъэ

«Щэнхабзэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткІэ, Бахьсэн районым хьыхь Кыщпэк къуажэм Щэнхабзэмкіэ и унэр зэрагъэпэщыжын щІадзащ.

1963 ГЪЭМ яуха Іуэхущ1апІэр зэманым жьы дыдэ дэхъуат, зыри щымылэжьэжьыфу. Къуажэдэсхэр хуэд щІауэ пэпльэрт щІалэгъуалэм я зэхуэсыпІэу икІи нэгу зегъэуэжьыпІэу щыт Щэнхабзэмкіэ унэр зэрагъэпэщыжыным, ар къэлэжьэжьыным.

Иджы абы и унащхьэри, унэльэгуэхэри, бжэ-щхьэгъубжэхэри зэрахъуэкІынущ, и щІыбри и Іэгъуэблагъэри зыхуей хуагъэззэнущ. Сыт и лъэныкъуэкІи къызэрагъэпэщыжыну Щэнхабзэ унэм цІыху 250-рэ зыщІэхуэ актовэ пэш, щыгъын хьуманІэ, гупжьей зэмылІуэжьыгъуэхэр щрагъэкІуэкІыну пэшхэр, библиотекэ хэтынущ.

Сом мелу

Къэрал, политикэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ, Абхъаз Республикэм и япэ Президент, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, ЩIДАА-м и академик Ардзинбэ Владислав Григорий и къуэм и ныбжьыр нобэ илъэс 75-рэ ирикъунут. 1990 гъэм къыщыщIэдзауэ ар Абхъазым и Совет Нэхъыщхьэм и Унафэщ1у щытащ. Республикэмрэ Куржымрэ я зэхуаку зауэ къыщыдэхъуам, Ардзинбэ дзэм и тхьэмадэ нэхъыщхьэ ящIащ. Совет Нэхъыщхьэм ар Президенту щыхихар 1994 гъэрщ. Илъэси 10-кIэ Абхъазым и Унафэщ1 къулыкIу мытынышыр ирихьэкIаУэ, Владислав и узыншагъэм къызэримыхьым къыхэкIыу IэнатIэм IукIащ.

АР КЪЫЩАЛЪХУАР Сыхъум къалэм пэмыжыжьэ Эшерэ къуажэрат. И адэр школым и директорт, и анэ Язычбэ Надеждэ егъэджакIуэт. Владислав и адэ Григорий Хэку заэушхуэм хэтат, Харьков деж щыIэуат. ТхыдэмкIэ иригъаджэрт, археологиемк дихьэхырти, арагъэнщ и къуэм IащIагъэ кIыхихам щхьэусыгъуэ хуэхъуауэ щытар.

1966 гъэм Владислав къыхуащ Сыхъум къэрал педагогикэ институтым тхыдэмкIэ и факультетыр. А илъэс дыдэм щIэтIысхьащ СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием КъуэкIыпIэр джыныкIэ и институтым и аспирантурэм. 1969 гъэм абы пхигъэкIащ «Хаттские истоки социальной организации древнехеттского общества. Функции должностных лиц с титулами хаттского происхождения» и диссертацэ лэжьыгъэр. Езым зэриттхыжьамкIэ, хьэтхэм я щэнхабзэр джыным ар дезыгъэхьахуэ щытар щIэныгъэлI цIэрыIуэ Инал-Ипэ Шалвэщ. ИужькIэ Ардзинбэ куэдрэ елэжьащ нарт эпосым, хьэтхэм я хабзэхэм, абхъаз-адыгэ лъэпкъхэмрэ Анадолэм (Азие ЦIыкIум) и пасэрей лъэпкъыжьхэмрэ я тхыдэ зэпыщIэныгъэхэр зыхуэдам. Ар апхуэдизкIэ тхыдэм дихьэхырти, уеблэмэ и зы интервьюм щыжеIэ: «Политикэ лэжьыгъэмрэ щIэныгъэмрэ сыхагъэдамэ, кIыхьэсхынур иужьрейрат» - жеIэри. 1985 гъэм ар тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор хуауащ.

1989 гъэм къыщыщIэдзауэ 1991 гъэ пщIондэ Ардзинбэ Владислав СССР-м и цIыхубэ депутату щытащ, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм ЛъэпкъхэмкI я Советым хэтащ. Абы ар нэIуасэ щыхуэхъуат, гъэзу захуэкIэ и гупсысэр зыиунэIуэ къиIыпIуэ щыта академик Сахаров Андрей. ЩIэч хэмыIуэ, абы абхъаз щIалэр политикэ Iуэхуэхэм нэхъыфIу хигъэгъуэзащ. ЦIыхубэ депутатхэм я япэ зэхуэсым Ардзинбэм къиIэтат СССР-м щыпсэу лъэпкъ цIыкIухэр союз республикэ 15-м я нэхъ лъэпкъ лъэрызехьэхэм «зэрыдапIытIэм» и Iуэхур. Абы къыхилъхьат зыр адрейм и жыIэм щIэмыту, республикэхэмрэ

• Махуэгъэпс

Абхъаз лъэпкъым и пашэ Ардзинбэ Владислав

автономиехэмрэ зэгурыIуэныгъэкIэ зэрызэдэлажьэнур зэтраублэн зэрыкуейр. Абы и щапхъэу къихьат Абхъаз ССР-мрэ Курж ССР-мрэ 1921-1936 гъэхэм зэрызэдэгъуэгурыкIуэ зэгурыIуэныгъэр.

Ардзинбэ Владислав Абхъаз АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и унафэщIу щыхахам ирихьэлIэу, Курж щыхэрал кIуэцIым лъэпкъ автономиекэр щызэбгригъэкIыжыну и ужь ихьащ. Абы и жэуапу Абхъазым къару имыIэжу игъэуващ 1978 гъэм къащтауэ щыта Конституцэр ирихьэлIэпкъ къащтэжащ 1925 гъэм щыIар. А Конституцэм тету Абхъазыр СССР-м хэт союз республикэхэм ящыщт. «Политикэм хэт цIыхуэхэм къефыкI уз нэхъыщхьэ дыдэр - я щхьэ IуэхукIэ жьантIэр яубыдыну зэрыхэтырщ», - жиIащ Владислав зэгуэрым.

СССР-р щыпсэлъэжьым Ардзинбэ Владислав хущIэкъуащ зы къэралу къызэрызэтенэнум ирихьэлIэ Курж-мрэ Абхъазымрэ зэхуэдэ хуитныгъэхэр яIэным япэ лъэбакъуэ хуичын щIидзащ.

1992-1993 гъэхэм, зэрыжьыIауэ, курж-абхъаз зауэм щыгъуэ ар дзэ пашэу щытащ. Сыхъум къалэр къызэтригъэнэн мурадкIэ зауэр щыщIидзэгъащIэ дыдэм абы унафэ ищIат ахэр Гумиста лъэныкъуэкIэ ирихьэтыну, арщхьэкIэ Курж-мрэ Абхъазымрэ зэгурыIуэныгъэхэм зыри къимыкIыу къалэр зэтракъутат. Абхъазым зауэр махуэ 413-кIэ щекIуэкIат, лъэпкъым гуаузэшхуэ ильэгъуащ. «Дыпсэун щхьэкIэ, дыдилIэну дыхьэзыр!», - жиIащ иужькIэ езы Владислав. Зауэр ихуа нэужь Ардзинбэ Урысейм ехьэлIауэ дзэ зэпыщIэныгъэхэр иригъэфIэкIуэн щIидзащ.

1994 гъэм щэкIуэгъуэм и 26-м Абхъазым и Къару зэщIэуэздахэм и 12-нэ зэхуэсым республикэм и щхьэхуитныгъэр щагъэIуащ икIи Конституцыщ къыщащтащ. 1997 гъэм УФ-м ШынагъэншагъэмкIэ и Советым и секретарым и къуэдзэ Березовский Борис Ардзинбэм чэнджащ иритат Абхъазыр Курж-мрэ хыхьэжыну, ауэ ар идакъым Республикэм и Унафэщ1ым. 2000 гъэ пщIондэ Ардзинбэ Владислави, апхуэдизуи и лыкIуэу щыта Джергения Анрии курж-абхъаз зэхущытыкIэхэр егъэфIэкIуэжьыным я къару ирахьэлIащ.

1997 гъэм гъатхэпэм и 26-м Ардзинбэ Владислав къызэIуихат Абхъазым ЩIэныгъэхэмкIэ и Академиер. 1999 гъэм жэпуэгъуэм и 3-м цIыхубэм ар етIуанэу хихьжащ Абхъазым и Президенту.

Ардзинбэ Абхъазым и Унафэщ1у щытета зэманым къэралыр лъэхъэнэ хэхъ гугъу дыдэм хэпсэукIырт, ауэ ар екIуэкIа зауэм и зэрант. Абыи емыIыпатуэ, Абхъазым и щхьэхуитныгъэр къэзэуным Владислав и гъащIэ псор триухуащ. «Абхъаз щыналъэр зи цIыкIуагъым дэтхэнэ зауэлIри щыпцIыку къудейкъым - уи нэIуасэщ зэпыхьэ я анэ лъапIэхэр! Зи къуэр зыфIэкIуэда бзылъхугъэм и нэм ущIэплъэн хуейщ. Ар сыту шынагъуэ. Апхуэдэ зыхищIэну уи бийми хуэбгъэфэщэфынкъым», - жиIэрт лъэпкъым и пашэм.

Я лъахэр яхъумэжыным абхъазхэм а зэманым щIэгъэкъуэнышхуэ яхуэхъуауэ щытащ къуэш пхъытэу иIэ, Кавказ Ищхьэрэм иц лъэпкъхэри. КъыпэщIэуэва бийм (и куэдгъкIэ ар тхуикIэ къефIэкIырт) пэщIэтыфынымкIэ абы мыхьэнэшхуэ иIэт, гугъэр я гум иримыгъэкIыу.

ИужькIэ урыс политикэ лэжьакIуэ Затулин Константин жиIат: «Италием и тхыдэм Гарибальди къызэрыхэнам, Шотландием щыпсэуахэм Уоллес зэраIэм хуэдэу, абхъаз лъэпкъмэ Ардзинбэ Владислав я гум кьинэнущ лIыхъужьу. Хэт ищIэрэ, апхуэдэ лIы пашэ лъэпкъым къыщыхэкIыр гъэнэхуп1э нэхъ гугъу дыдэм ар щихуэм и деж къыщIэкIынщ».

Ардзинбэ Владислав дамыгъэ лъапIэхэр хуагъэфэщащ. Ар Абхъазым и ЛIыхъужьщ, «ПщIэрэ ЩIыхьрэ» орденым и япэ нагъыщэр, Осетие Ипщэм и ЩIыхь орденыр зратащ.

Ардзинбэ Владиславрэ и щхьэгъусэ Светланэрэ зыпхъу зэдаIащ, Мадинэ МГУ-м и тхыдэ факультетыр къиухащ, хьэрычэт Iэхум хэтщ.

Абхъаз щыналъэм Ардзинбэ Владислав лъэпкъ пашэу щалъытэ, и сурэтхэр къэрал псом щыплъэгъунущ. 2015 гъэм накъыгъэм и 12-м Ткварчал къалэм къыщыхэIуахащ Ардзинбэ Владислав и фэеплъыр. Абы и цIэр фIащащ Бабушерэ и аэропортым, Сыхъум, Гудаутэ, Гагры къалэхэм я уэрамхэм, Абхъазым и Дзэ ЩIыхьым и музейм.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

• Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

КIыщокъуэ Алим и тхылъыщIэр и анэ Куэз тыгъэ хуещI.
Щхьэлыкъуэ къуажэ, 1964 гъэ

• Жьыщхьэмахуэ

Зи пщIэр ин Къуэдзокъуэ Жамболэт

КъБР-м ЩIалэгъуалэм дзэ-хэкупсэ гъэсэныгъэ ядеГъэхэкIуэкIынымкIэ и Жылагъуэ советым и унафэщI, МЧС-м и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм хэт, «Союз народовластия и труда» урысейпсо политикэ жылагъуэ зэщIэхьэныгъэм дзыхь иригъэзу Къабардей-Балъкъэрым щIэ, полковник Къуэдзокъуэ Жамболэт нобэми жыджэру мэлажьэ, и зэфIэкIым зэрыкIэримыгъэхуным, и къуэхьм, и щIэныгъэм зэрыхигъэхъуэным хущIэкъу зэпыту.

Тельыджэр араущ, зи ныбжьыр пщэдей илъэс 87-рэ ирикъу Къуэдзокъуэ Жамболэт мы зэманми, дзэм ираджа ди щIалэгъуалэм я Iуэху зэрихуэу, къэралым и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыщыщIидзыдыгнущ. Илъэс зыбжанэ ипэкIэ зэрыщытар араущи, абы ди щIалэхэр здэщыIэ гарнизонхэм кIуэурэ, ящыщ гуэрэр зыжуа Iуэху мыщхьэпэхэм зыбжанэрэ къахишыжыфащ. И гукъэкIыжхэм щIэгушхуэкIыжу, Къуэдзокъуэм ноби уигъэпъагъуфынущ республикэм и дзэ комиссариатым ар здиIуэхуауэ щыта частхэм я Iэтащхьэхэм зэрыхьхуигъэза, къаIуцIэу, хуей хьумэ, къыдзIэпыкIыну зэрелъэIуа псалъэхэр зэрыт лъэIу тхылъхэр. ЩIэблэм дежкIэ щапхъэгъэлъагъуэ, ди нэхъыжьыфI Къуэдзокъуэ Жамболэт дохъуэхъу дяпэкIи и зэфIэкIым зэрыкIэригъэхуу щымыIэу, лъэпкъым жыджэру хуэлажьэу, яужь итхэм гъуазэ яхуэхъурэ узыншагъэ быдэ иIэу, иджыри куэдрэ Тхъэм игъэпсэну!

Лэжьыгъэр зэпагъэуркъым

Коронавирус узыфэр зиIэхэр нэхъыбэ мыхъун папщIэ цIыхуэхэр я унэхэм щIэсын хуей хъуами, УФ-м и Къэрал Думэм и депутатхэмрэ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым хэтхэмрэ жыджэру зэфIагъэкI зыкъызэрыхуагъазэ Iуэхуэхэр.

АПХУЭДЭУ Къэрал Думэм и депутат Марьяш Иринэ иужьрей тхьэмахуэм кърибыдзу къыIэрыхьащ цIыху 15-м щIигъум я гугъуехьхэр зыхуэдэр къыщаIуатэ тхыгъэхэр. Ахэр теухуат пандемиер щекIуэкI зэман гугъум хьэрычэт мащIэмрэ курытымрэ яIэну дэIэпыкъуныгъэр зыхуэдэм, я Iыхьлыхэр хамэ хуэдэ зыщашыжынымкIэ щIэгъэкъуэн хьаззрыхуэхунум, ахъшэкIэ къаззрыдэIэпыкъуфынум, нэгъуэщIхэми. Дэтхэнэми и упщIэм е лъэIум тхыгъэкIэ жэуап ирятащ депутатым.

Языныкъуэ Iуэхуэр асыхэту зэфIагъэкIащ. Псалъэм папщIэ, Краснасельскэ къуажэм аптекэ зэрыдэмытым къыхэкIыу хущIхьуэхэр ищну гукъыдэж зыщIа хьэрычэтыщIым депутатым зыкъыхэхуигъэзат лицензэ иIэн папщIэ игъэхьэзырыпхъэ дэфтэрхэр зэрызэхуихьэсынымкIэ къыдэIэпыкъуну. Марьяш Иринэ а Iуэхум ехьэлIауэ Роспотребнадзорым и щIыпIэ къудамэм зэрызэхуигъазэу Iуэхущ1апIэр занщIэу абы хэплъащ икIи хьэрычэтыщIэм дэIэпыкъуэгъу хуэхъуащ.

И чэзум Тыркум къимыкIыжьыфу къыщына зэщхьэгъусэхэр (медицинэ Iуэхутхьэбзэ хуэныкъуэу зыр сымаджэ хьэлъэ зэрыхъуам, абы щыгъуэми я страховкэм и пIалъэр зэрикIам къыхэкIыу) къэралым къызэрашэжыну Iэмалым теухуа тхыгъэ Марьяш Иринэ иригъэхьащ Урысей Федерацэм коронавирус узыфэм пэщIэтынымкIэ оперативнэ штабым и унафэщI, УФ-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ Голиковэ Татьянэ и дежрэ УФ-м Нэгъуэщ1 къэрал IэхуэхэмкIэ и министерствэмрэ. Къэрал Iуэхущ1апIэхэр зэрызэдэлажьэм и фIыгъэкIэ накъыгъэм и 5-м зэщхьэгъусэхэр я Хэкум къэкIуэжащ икIи ахъшэкIэ зыщIагъэкъуащ.

Прохладнэ къалэм щыпсэу Бледных Олег депутатым елъэIуащ фэтэр куэду зэхэт унэм къедзылIа, спортым хуэха щыIэпIэм кIэлъыплъынигъэхэр щрагъэкIуэкIыну. Абы къыхэкIыу хабзэкъуэ, къэпщытэныгъэ IэнатIэхэм зыхуэфащэ тхыгъэхэр депутатым иригъэхьащ.

Нарткъалэ щыпсэу цIыху гупым Марьяш Иринэ зэрызыхуагъэзар, зыщIэс унэм ущыпсэу зэрымыхъужьым къыхэкIыу жьы хьуауэ къалъытэным теухуар, КъБР-м Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммуналнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм Iэрагъэхьащ.

- Мы зэманым цIыхуэхэр зэхуэмызэмэ нэхъыфIщ, я узыншагъэм хуэсакъым щхьэкIэ. Ди гуапэ мэхъу Урысейми си Къабардей-Балъкъэр щIыналъэ дахэми щыпсэуэхэм я нэхъыбэр мы Iуэхум жэуапльныгъэ яхэлъу зэрыбгъэдыхьэр. Иджыпсту дызэрыт щытыкIэм хуэдэм дихуа нэужь, цIыхум гугъуехь куэд къыIыкIуокI, щIэгъэкъуэн хуэныкъуэщ. Аращ ди лэжьыгъэр зэпыдмыгъэууэ зэпэщIэха IэмалкIэдадэIэпыкъуну мурад щIэтщIар, - жиIащ Марьяш Иринэ.

ИУАН Бализэ.

75

Ащхъуэт Адэлджэрий и уэрамыр

Илъэс 75-рэ ирикъуащ Хэку зауэшхуэр зэриухрэ, ауэ цIыхубэм щыгъупщэркъым абы и Iэужь шынагъуэхэр. Нобэми гъущыжакъым зи Iыхьлы хэкIуэдахэм я нэпсхэр, яхуэухыркъым зауэм къихьа гуэвэгъуэм теуха Iуэтэжкхэр. Лыгъэрэ захуагъэрэ а зауэм къыщыщыгъэлъэгъуа ди цIыхуэхэм я щапхъэ дахэхэм щапIыкI къыдэкIуэтей щIэблэр.

ЗАУЭМ Iухьат Къэбардей-Балъкъэрым и бынхэу мин 62-м щIигъу. Абыхэм яхэтащ мы тхыгъэр зытеуха Ащхъуэт Адэлджэрий ТIыпIи и къуэр.

Ар Тэрч щIыналъэм хыхьэ Курп Ипщэ къуажэм, граждан зауэм и гуащIэгъуэу, 1919 гъэм къыщалъхуат. Курыт еджапIэм классих къыщиуха нэужь Адэлджэрий, адрей къуажэдэсхэми хуэдэу, колхозым лэжьэну хьыкащ. ИлъэситхукIэ къыщыIэрыгуэкI лэжьакIуэу щыта щIалэщIэр 1935 гъэм щIым елэжь бригадэм и учётчикыу ягъэуври, жэуапльныгъэ хэпъу ильэс зыбжанэкIэ а къалэныр игъэззащIащ. Зэман хьэлъэм халъхуа, гугъуехьыр зыхэзыщIа Ащхъуэтыр ильэс 20 ныбжьым иту, 1939 гъэм, Тэрч щIыналъэм щыIэ комиссариатым и тхылъкIэ Дзэ ПлъыжьымкIэ къулыкъу щищIэну ираджащ. Къулыкъур ирихьэкIыу Хэку зауэшхуэр къэхьейри, Адэлджэрий 37-нэ гвардейскэ дивизэм хэту зауэм Iухьат. ТехникикIэ, щIыху бжьыгъэкIэ къефIэкI бийм пэщIэту абы зэхэуэ гуащIэхэм зыкъыщигъэльагъэрт зауэлI хахуэу, Iэкlуэльакlуэр. Зэман кIэщIым кърибыдзу ар тIасхэщIэх гупым хагъахьэжауэ щытащ.

Бийм я щэхухэр къитIощIу псэзэпылъхьэпIэ щытыкIэм зыбжанэрэ ихуащ Ащхъуэтыр. Ар тIасхэщIэх гупым яхэту куэдрэ бийм и щIыбагъ дыхьэурэ ди дзэр зыхуэныкъуэ хъыбар щэхуэхэр къихьырт. Адэлджэрий зауэм къыщыкIыжьым къратауэ щыта тхылъым зэриттымкIэ, Калиниковичи къалэм и Iэшэлъашэм уIэгъэ щыхъуэуэ щытащ, ауэ абы щхьэкIэ къимыгъанэу бийм и тIасхъапIэхэр къихутэурэ ди тогъэуэхэм хъыбар къаригъащIэрт. Ар зыхэта гупым я фIыгъэкIэ ди сэлэтхэм быдапIэхэр зэхакъутауэ щытащ.

Хэку зауэшхуэр екIуэкIыху Адэлджэрий зауэм къыIукIакъым, лIыпъэ хэлъу, зауэлI къэмылэнджэжьу бийм пэщIэтащ. Фашистхэм я щэхур къэтIэщIыным, абыхэм ебэзджэкIым ехьэлIа лэжьыгъэ куэди зэфIихащ. Сержант Ащхъуэтыр яхэтащ Польшэр, абы и къалащхьэ Варшавэ, Белоруссиер бийм къалэщIэзыгъэкIыжахэм, апхуэдэу КъуэкIыпIэ Пруссиеми Германиеми щыIэуахэм, Берлин нэс кIуэуэ зауэм кIэ ешуэ Рейхстагым зи цIэ-унэцIэр къытезынахэм.

Къаруушхуэ зиIа бий ябгэр зэхэкъута хъууэ, дуней псом дежкIэ шынагъуэу щыта фашизмэр ди зауэлIхэм зэтракъута нэужь Адэлджэрий, адрейхэмрэ хуэдэу, и унэ къигъэзэжат. Зэхэуэ гуащIэхэм мыззу хахуагъэ, лIыгъэ къызэрыщигъэльэгъуам папщIэ абы къыхуагъэфэщауэ щытащ Вагъуэ ПлъыжькIэ орденыр, Хэку зауэ орденым и етIуанэ нагъыщэр «Хахуагъэм папщIэ», «Зауэм къызэрыхэжаныкIам папщIэ», «Варшавэ бийм къызэрыIэщIагъэкIыжам папщIэ», «Германием зэрытекIуам папщIэ» медалхэр.

Зауэ нэужьым зи унэ къэкIуэжа Адэлджэрий илъэс 40-кIэ щылэжьащ Курп Ипщэ къуажэм щызэхэт колхозым. Сыт хуэдэ Iэнатl э пэрыувами, Ащхъуэтым зэгъэкIуэуэ, дахэу ирихьэкIырт, и кьалэнхэм жэуапльныгъэ хэлъу бгъэдыхьэрт. Къуажэдэс нэхъыжьхэм зэрыжаIэмкIэ, Адэлджэрий цIыху пэжт, губзыгъэт, и ныбжь елытауэ дэтхэнэми чэнджащ иритырт, епсэлъыпIэрт. Арат псомии пщIэ, нэмыс къыщIыхуащIыр, и лэжьыгъэр къыщIехъулIэр.

ЛэжьакIуэшхуэ, зауэлI хахуэ Ащхъуэтым и гуэгуанэм пызыщIэн унагъуэ дахи зэригъэпэщат зауэм къикIыжа нэужь. И щхьэгъусэ Лёлэрэ абырэ зэдагъэтащ къуищрэ пхъуитхурэ. Зэщхьэгъусэхэм ахэр ямыгъэхъуапсэу япIащ, щIэныгъэ, Iэщ1агъэ ирагъэгъэтри, унагъуэ щхьэхуэхуи ягъэтIысыжащ.

Хэку зауэшхуэм и ветеран Адэлджэрий щIэблэ къыдэкIуэтейр егъэджэным, гъэсэным, хэкупсэу щыгъэтыным гулъытэ хэха хуищI зэпытт. Ар куэдрэ ирагъэблагъэрт къуажэм дэт Щэнхабзэмкlэ унэм, курыт еджапIэм щызэхащэ пшыхьхэм, классщIыб дерсхэм. Езым теухуауэ зэхьхьэхэр нобэми къыщызэрагъэпэщыр щIыналъэм щIэныгъэ щрагъэгъуэт и Iуэхущ1апIэхэм.

Ащхъуэжьи жылэми пщIэ зыхуащIу псэуа Адэлджэрий 1985 гъэм дунейм ехыжащ. Хэку зауэшхуэм лIыхъужьыгъэ къыщызыгъэльэгъуауэ Ащхъуэт Адэлджэрий ТIыпIу и къуэр цIыхуэхэм ящымыгъупщэн, жылэм дэсхэм пщIэуэ хуащIыр къагъэлъэгъуэн папщIэ абы и цIэр къуажэм и уэрам нэхъыщщхьэм фIащауэ зэрехь.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

• Банк Iуэхуэхр

Мэкъумэшыщ1эхэм сом мелуан 200-м щIигъукIэ зэщIагъакъуэ

Мы гъэр къызэрихьэрэ Урысейм и «Мэкъумэшбанк» акционер обществэм Къэбардей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщIэхэм сом мелуан 200-м щIигъу щIыхуэ яритащ. Ар нэгъабэрейм процент 14-кIэ щIегъур.

БАНКЫМ и щIыхуэхэр яIэрыхьащ хъэрычэтыщIэ мащIэмрэ курытымрэ пыщIа Iэнатlипщ1ым щылажьэхэм. Абы щыгъуэми процент нэхъ мащIэ зытехуэ кредитхэу сом мелуани 196-рэ ятащ.

- ЩIыхуэхэр къагъэсэбэпащ зэрагъакIуэ мыткъур ирагъэкъужьын, пхъэщхьэмыщхьэ хъумапIэхэр, Iэщ щагъэхъу комплексхэр яухуэн икIи ирагъэфIэкIуэн, къищынэмыщIауэ, мэкъумэш техникэрэ Iэщ лъэпкъыфIхэмрэ къращэхун пащIэ, - къыдэкIащ «Мэкъумэшбанк» акционер обществэм Къэбардей-Балъкъэрым щиIэ къудамэм и унафэщI Сокъур Алим. - Нэгъабэ ята кредитым и куэдагъым зэрыхагъэхъуар и фIыгъэщ социальнэ программэщIэхэр къызэрежьамрэ мэкъумэшыщIэхэм ахэр нэхъ къагъэсэбэпыфI зэрыхъуамрэ.

«Мэкъумэшбанк» АО-м худэчых иIэу и ит щIыхуэхэм адэкIи хигъэхъуэну и мурадщ. АбыкIэ щIэгъэкъуэныгъэ иратыну хущIокъуэр коронавирус уз зэрыщIалэм и зэранкIэ щытыкIэ гуэгъум ихуа мэкъумэшыщIэхэм.

- Кредиту ттыж и куэдагъым хэдгъахъуэ зэпытурэ зэредгъакIуэкIым Iэмал кьет Урысей Федерацэм и ерыскыыхэкI шынагъуэншагъэр дгъэбыдэну ирикIи хьэрычэтыщIэ мащIэр дгъэIыгъкIэрэ къуажэм щыпсэуэхэм я гъащIэр едгъэфэкIуэну, - къыжьащ Урысейм и «Мэкъумэшбанк» акционер обществэм и правлензм и унафэщIым и куэдзэ Жачкинэ Иринэ.

Зэрыкъэралу къэпщтэмэ, мы гъэр къызэрихьэрэ банкым мэкъумэшыщIэхэм щыхуэу яритащ сом мелард 394-рэ. Нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм ар процент 12-кIэ щIегъур. Кредитхэр къащтащ Iуэхущ1апIэ ин 400-м щIигъумрэ хьэрычэтыщIэ мащIэмрэ курытымрэ зыгъэлажьэ цIыху мини 2,3-мрэ. ПIалъэ кIыхькIэ ята щIыхуэр сом мелард 91-м нэсащ, пIалъэ кIэщIкIэ Iахар сом мелард 303-м щIегъур. Худачых (льготэ) кредитыр мы гъэм сом мелард 84-рэ хъуащ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбардей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ къэхъуныгъэхэм я совет» ассоциацэм и правленэр, ВСМС-м и Къэбардей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэр, Дунейпсо Адыгэ Хасэр, Къэбардей Адыгэ Хасэр яхуощIыгъуэ Бахъсэн къалэ округым и администрацэм и Iэтащхьэ **Мамхэгъ Хьэчим Хьэсэн и къуэм** и адэр дунейм зэрехьажам къыхэкIыу.

(КІэлъыкІуэр. ПэщІэдзэр №№37 - 39, 41 - 48, 50 - 51, 54-хэм итщ).

МЭШБАЩІЭ Исхьэкъ Уафэбгыкъ и нэлат

Тхыдэ роман

90

Къуажэ еджапІэр къыщиух илъэсым. Исхьэкъ ялэ сатырым ижьымкІэ етІуанэу щысщ. *1948 гъэ*

- Хьэж зыщІахэр Мэчэм къызэрикІыжу хьэжы-ефэнды хьууэ ара?.. - къызыфІимыгъэІуэху хуэдэуэрэ, и щхьэ хуопсэлъэж Абрэджкір.

- Сыакъыпэгъущ а иджыпсту жыпІамкІэ, - Іэтэ-Илъяс асыхьэтым Мырзэбэчтэкъым жыхуиІэр. Абрэджкім и упщІэр щхьэдигъэІухуэу, нэгуейр иджыри Джэмал молэм епсэлъылІэрт. Бэхъуныр ней-нейуэ къыззреплъым гу лЬитэри, молэ набдзэшхуэм, гуззвеуэ Мырзэбэч джежІэ зигъэзащ:

- Айуэ, хьэщІэ, айуэ. Хьэж щыІам хьэж ищІащ. Къэбартхэр зэи кІэлъысыныкъым ди Сэюнч ефэндым. Абыхэм жаІэ тафэм тес къэбартхэр маззм и быну. Уи адэм и анэш сонэжкім апхуэдэу кьалъытэу пІэрэ, Жэфар?

- Пщыхэр псори зэщхьщ. КІэмыргуейхэм я Бэлэтокъэупщіми зыкъыфІощІ уэрхъхэмрэ лъхукъуэлІхэмрэ езыр я адэу, - погуфІыкІ Мырзэбэч. Жэфари абы дзэрэзыуэ и щхьэр егъэсыс.

- Субхьэн Алахь, Субхьэн Алахь... - мэщатэ Джэмал. Зэхуэкіуэу мыхьэнэ зиІэ псалъэухаитІ языхэзым зэрахъэсымымыщім гу лЬитэри, Абрэджкір тегушхущ лІы жьэмеищри зэуэззпсэу къэзыгъэцыджкін зы упщІэ кІуэрэ тят яхидзэну:

- Пщыхэм я бжеІ дынэсагъэху... - мэщатэ Джэмал. Зэхуэкіуэу мыхьэнэ зиІэ псалъэухаитІ языхэзым зэрахъэсымымыщім гу лЬитэри, Абрэджкір тегушхущ лІы жьэмеищри зэуэззпсэу къэзыгъэцыджкін зы упщІэ кІуэрэ тят яхидзэну:

- Пщыхэм я бжеІ дынэсагъэху... Сэ Іэухум сыздрыхущытыр жысІэн ипэ къиухуэу, зы упщІэ сиІэт, - зэпишурэ кьрегъажьэ Мырзэбэч. - Зи тепщэгьуэр къуажапщэм нэмыс дипщэмрэ адрей къэралыгъуэхэм я пащтыхь е хьанхэмрэ я зэфІэкІкІыр зэдгъэпщтэмэ... дауэ феплърэ?

- Дэгъуэ гуэру уогупсысэ, Мырзэбэч, - лулэ нэщІым фийуэ екъуурэ зрегъэщІеикІри, дапхъэ дакъэм плІэкІэ зрегъэщІ Бэхъуным: - Къэбартыпщэм мэскъалкІэ кьакІэрыхурыкъым а сэ сызипхъурылъху куржы-сонэхэри. Адэкіэ дыІэбэмэ, кьалмыкъхэм хьаныяІар зэхэгъэхьэ, шэшэнхэм, апхуэдэу нэгъуейхэм, е, сэ сщІэрэ, кІэмыкъуэхэм я тетхэри абыхэм кьегъэуэзэлІэжи, Кърым хьаныгъуэмрэ а гупымрэ я зэхуакуэ шурэ лъэсрэ? ФщІэжьртэкъэ хьаным Московэм дэс а джаур лЬапсэр зэтриуКІэу, я кьалэр мафІэм щриГъэлыпщыжар?!

- А Московэ жьыхуэпІэр... къэбартхэм я малъхъэр здэщыпсэуэр ара? - темыгушхуащэу щІоупщІэ молэр. - Субхьэн Алахь, Субхьэн Алахь... Дыя кІыхьмыхуэ Іэджи щокІуэкІ мы дунейм хъурей хьэхум. Алыхьым фІы дигу кІрилъхьэ, фІы зигу илъэр Алыхьым дыкъэхъумэ.

- Уа, молэ, а зи гугъу пщІым сшІ и жьыл? - жеІэ Абрэджкім, иджы гушыІэжу: - Ар къыщыхъуэр ди адэшхуэхэм Іупэкіэ тхъур яэу щыпсэуэ зэман гугъурсызыщІ... - арыхъэуи ящхъ пхъашэ зыкъещІыжри: - НтІэ, апхуэдэ щыІат зэгуэр. Сыщымыузмэ, а Московэ джаурыр зэтезыгъэсхьар Къаплъэн-Джэрий кърым хьаным и адэшхэрат? Мыдэ, Къаплъэн-Джэрий зэ Къэбэрдейм къэсатэмэ, игъэсу къиГъэнэжыныгтэкъым, атІэ сахуэ яжьэм щІэпщэуэрэ, жьы зэпихум иригъэхьыжынут.

- Айуэ, айуэ. Субхьэн Алахь, Субхьэн Алахь! - кьытригъэзэжырт Джэмал молэм. - Алыхьым дыкъибгъи, зи щхьэ дытезымыплъхьэ къэбартхэм ди бампІэ узыр яригъэпшыныж, - жиІэри, ныкъэрыфІыдихуам щІэщтэжаэу, молэм макъ тхытхкІэ зэпишащ: - Ауэ... ар къэхъуа нэужь, дэ ди щхьэ сыт кьрикІуэнур, хьэщІэ?

Жэфар ауану молэм хуеплъэкІри, и пыІэ гъур укъуеяр натІэ Іуэз лъахъшэм кьытригъэсурэ:

- Молэ, кхъыІэ, зыкъэщІэж! Дэ кьаруэуэ диІэмкІэ Къаплъэн-Джэрий дыкъуэзвнущ.

- Дэ дызммащІагъри? Ди хьэблэ щІыкІуитІ-щыри?

- Сыт-тІэ иджы дымащІэмэ?! Нэхъыщхьэр - хьаным пэжыгъэкІэ дызэрыкъуэзвэнур кьыддищІэмэ, ди Іуэхури дэкІынущ. Къаплъэн-Джэрий зэриГъэзэжэнщ хэт щІы нэхъ хуэфащэми...

- Пэж хъунщ. Айуэ, айуэ, Алыхьым апхуэдэу кьытхуигъэфащэ... Уэлэхьи, сыту гуп дыгъэІу дызэхэт-тІэ ей! Ауэ... жэщри хокІасэ. Ди хьэщІэхэм Іуэхущхуэкэр къапэщылъщ, заГъэпсэхуэмэ, нэхъыфІщ, - Джэмал нэгъуеймрэ Мырзэбэчрэ захуигъаззурэ: - Нэхуп къэфІфыкъикІ! Дызэрыпльагъунщ иджыри.

Джэмал бжэм нэсри зриІъэфхьыхурэ къэзувыІэжащ. Іэнкуну хьэщІэхэм къаХуеплъэкІри:

- Фи абрэдж гъэсу ныщхьэбэ слъаГъуркъымпІ? НэгъэуцІ Іуэхушхуэ гуэр зэрихьэ кьыщІакІынщ абы...

Молэ тІупхпІэпхдзапхъэ фІыкІэ зыщщхьщІэкІынмрэ и мураду, Мырзэбэчрэ погуфІыкІри :

- Абы и занщІэ и гъуэгущ, Джэмал. Хьэкъыу сощІэ, Кърымым кІуэну ежьа мажуСий лИтІым - Миншакъэрэ Джэрыджэмрэ - ар зэракІэпльмыпхъэрыр.

- Иджыри здежьам нэстэмэ а жьыхуэпІэхэр, - зыкьищІэжауэ гупсысэр кьыдеІыІгъ Іэта-Илъяс.

XIV

ЖАНЕЙ бысымым и хьэщІэщым Ашабэмрэ Джэрыджэмрэ ящыдриха пІалъэ кІэщІыр Чыдэш Хьэтлатl джежІэ лъэужьыншэтэкъым. Зи ныбжькІэ мыщІалэж лІым кудэ щІауэ иужьгъужат къэзыуХъуреихь щІыхуэм я псалъэмакъ мышыу кІэухьншэхэр. Къэбэрдей хьэщІэхэм ягу зэрызэІухэри езыхэм мащІэрыжьыІэ жьэнахуэу зэрызаІыгъри Чыдэшым игу апхуэдизкІэ дыхьати,ynэ нэщІыжьыр ибгынэри, щухэм яужь иуващ. Хьэтлатl къыгурыІуагъэхэт къэбэрдейхэр здэкІуэри, яхуэсэбэпыну мурад ищІащ: Іуэзэ кьиКІыпІэм деж е яш ящІыхуиІыгъынщ, е нэгъэущІ зыгуэркІэ яхуэщхьэпэнщ. Нобэр кьыздэсым Чыдэшым илъэгуэра щІыхуэр зи щхьэ кьыдэмыхуэ псэуакІуэ кьыззрыгуэкІэт. Шыудэ щІынэр Іуву зыдэпІ Іашхьылъэм зэлуящІауэу бгъэдэтым ещхьт ахэр... «Мы ЛІитІым ягу щоблэ адрейхэм емыщхь мафІэ тельыджэ гуэр!» - шым гурыгуаззкІэ епсэлъыпІэурэ иджнпсту ХьэтІатl гупсысэ Іеджэ зэригъэзахуэт.

КъаКІэлъеІэ шур кьыщалъагъум, псэлъэрей гуэр, шым тІэкІу зригъэкъуздиин и мураду, шэсри дэкІат. Плъэмэ, мобы ещхьу эы пхъэІэщажь вэуэ хэтт. «ВакІуэдэкІ щыІэж иджы?» - игъэщІэгъащ а щІалэми, уэ уэщхьу, Миншакъ. ВакІуэлІым деж нэсщ щІалэри:

- Бов апщий, тхьэмадэ!

- Упсэу апщий, си щІалэ, кьыпедзыж лІыжьым.

- Тхьэмадэ, мыпхуэдэу кІасэу щхьэ уварэ?

- Гъэгуэ бгъуэзми, дытехуэнщ, ХьэтІатl, уи уяВупІэ уБыдыж. - Ашабэмрэ Мэремрэ я зэхуакум ХьэтІатl дагъэувэри, Мэрем ижьымкІэ къоувыж.

Чыдэшым нэхъри игу зэгъат. Абы иджы къыгурыІуэрт: «Мыпхуэдизу тКІийрэ къупа-щыпаэу адыгэ хабзэр зезыхьэхэр, дауи, лІы куцІ сэкъатыншэхэщ. МыпхуэдэлІхэм я псалъэри я Іуэхури тКІийуэ ильэта шабэзщэм хуэдэу занщІэщ».

- Уэ уэрэкъыу сэ сылъхуэкъэлІми, Ашабэ и къуэ, пщыгъупщащхьм хабзэкІэ сІыгъыпхъэ уВыпІэр. Хабзэ зэхэгъэж зыщІхэм фаэзрыщышыщыр нэпльатъэщ. Мис апхуэдэу ди Іуэхуэхэри зетхьатэмэ, бетэмал, сыт кьыдамыщІэкІами, цІыхУ хуэфащэу дыкъыІэзтенэнут.

- А уи хъуэпсапІэм ещхь дищІ, тхьэмадэ, - къопсалъэ Мэрем, лІым жиІар игу ирихьауэ.

- ХьэпсапІэр гъащІэм и дамэ зэщІэхащ. Абы къару кьыпхелъхьэ. Си жьыгъэ щхьэзакъуэм кьрикІуэ гупсысэхэр сІуэтэжкІэрэ фытезгъэзэшэнкьым. Мыдэ... ГъэзгурИ нэхъ кьигъэпсыщІэ-кьигъэкІэщІу, мы махуэхэм сызэгупсыса ІуэгуэщІ зы Іуэху гуэр фэсхъэлІэнщи нэхъыфІщ.

- ДынодэІэнущ, тхьэмадэ, - Ашабэр гуапэу Іуоплъэ Чыдэшым.

- Ди ефэндыхэм жаІэр пэжмэ, Тыркум кьыщежьэу, КърымымкІэ кьыкІуэцІрыкІа ислъам диным и хабзэхэр ди адыгэ хабзэм куэдкІэ кьытохуэ... Сэрщи, апхуэдэу кьэсслъэтэркъым.

- Ар дауэ? - игъэщІагъэу щІоупщІэ Мэрем.

- Тхъунщ. Айуэ, айуэ, Алыхьым апхуэдэу кьытхуигъэфащэ... Уэлэхьи, сыту гуп дыгъэІу дызэхэт-тІэ ей! Ауэ... жэщри хокІасэ. Ди хьэщІэхэм Іуэхущхуэкэр къапэщылъщ, заГъэпсэхуэмэ, нэхъыфІщ, - Джэмал гъэрыгъэІуэрэ, а диныр кьытхапщэну тырку щІэжьхэр йоІалІэ. Дапщэщыт адыгэхэм КЬурэн къащІырыхьар?

- Ар дауэ? - игъэщІагъэу щІоупщІэ Мэрем.

- Сэ сызэрепльэр пхуэсІуэтэнщ, си щІалэ. Иджыри ди адэшхуэхэм я зэман лъандэрэ ислъам диныр шапсыгъэхэм я хамэтэкъым. Нобэр кьыздэсым, зэм цым и кІуэлІэмкІэ еуэу, зэми Іэщхьі дьзэтраукІэ

● Сабийхэр мэгушыІэ

«НанэкІэ» сыноджэнущ

Хуабжьу зызыгъэщІалэфІ Анзор цІыкІу и анэшхуэм жреІэ:

- Мэрожнэ къысхуумыщэхунумэ, псоми зыхахыу «нанэкІэ» сыноджэнущ!

Мыхъури сошх

Гъунэгъу хадэмкІэ ТІыкъэ цІыкІу екІуэкІауэ мэракІуапщІэм хопэщэщыхь. Ар зейм жеІэ:

- УкъыкІэрыхуащ. Плъыжь лъэпкъ къыщІэнакъым, дыгъуасэ псори къыпачащ.

ТІыкъэ, а псалъэхэр зыгуригъэІуэну хуэмейуэ, жэуап ет:

- Сэ мыхъури сошх.

ЗанщІэу сыІурех

- Нэхъ псынщІэу сыІурихын папщІэ, сызэрыгъуэлъыжу 100-м нэс собжэ, - жи ТІэмрашэ цІыкІу.

- ПцІы умыупс, уэ 100-м нэс убжэфырхъым, - пэроуэ абы и кІуэш нэхъыжьыр.

- Сызэрыгъуэлъыжу сыІурехри, абы нэс сыбжэну сыхунэсыхэрхъым, - жуап етыж ТІэмрашэ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

КхъыІэ, жыІэ…

Дадэ, Дадэ! КхъыІэ, иІэ,
Таурыхъ щЫкІу аргуэру жыІэ…
Хъыджэбз щЫкІур мэзым кІуауэ,
Дыгъужьыжым ныхуэзауэ,
Ирихьэжьэу ежьэжауэ,
И гъуэ кІыфІым нэсыжауэ,
Щхъуэжь кІэ баджэр есхужьауэ,
Хъыджэбз щЫкІур къезгъэлауэ,
Тхъэрэ псэууэ къэнэжауэ!..
Дадэ, Дадэ! КхъыІэ, иІэ, -
Мис апхуэдэу таурыхъ жыІэ.

ІУТЫЖ Борис.

Къэбэрдейм щыщ шууей

ГУЛЯ ищІэрт зыхэху гупыр адрейхэм зэремыщхьыр. Мыбы хэтт я лэжьыгъэфІымкІэ къэрал псом къыщацІыхуа пионер куэд.

- Уэ сыткІэ уцІэрыІуэ? - еупщІащ ар адыгэ фащэ зыщыгъ щІалэ къамылыфэ цІыкІум.

- Шы согъэхъу, - гуфІэжу жиІащ абы, и дзэ хужьыр къыІуигъэпсу. - Зым и цІэр Костикщ, адрейхэм - Къазбич, Заурбэч...

- Хэт зыхуэбгъэхъур? - щІэупщІащ цІыкІуэм ящыщ зы.

- Хэт зыхуэбгъашхэр жыпІа? Ди Шуудзэ Плъыжьым. Сэри аращ: сышууейщ.

- Сыщымыуэмэ, уэ у-Барэсбийщ? - къэгуфІащ Гуля, «Пионерская правда» газетым тету зэджауэ щыта тхыгъэр игу къиГэкІыжурэ. - Хьэмгъуокъу Барэсбийщ...

... Хьэмгъуокъум и гъащІэм теухуауэ «Къэбэрдейм щыщ шууей» художественнэ фильмыр трахат.

1936 гъэм и гъэмахуэм «Артек» лагерым Барэсбий щицІыхуащ Королёвэ Гуля. Хъыджэбз цІыкІу хахуэм абы шы тесыкІэ иригъэщІащ, адыгэ къафэхэм, адыгэ хъыбарыжьхэм щыгъуазэ ищІащ.

«Артек» лагерым щыІэ псомэ Гуля яригъэцІыхуащ Барэсбий. ЯжриІащ илъэс ныкъуэ и пэкІэ Калинин Михаил Кэнжэ щыщ ныбжьыщІэр Кремлым ишэу и бгъэм «ЩІыхь Дамыгъэ» орденыр къызэрыхилъхьар. Абы щыгъуэ Хьэмгъуокъум зэригъэцІыхуащ Будённый Семён.

- Сэ шыхэр фЫы дыдэу солъагъу, - жриІэрт Барэсбий Совет Союзым и Маршалым. - ФІыуэ солъагъу Дзэ Плъыжьыр. Ин сыхъумэ, сэри абы сыхьыхьэнущ...

Хэку зауэшхуэм Хьэмгъуокъум ІыгъэщІэлъэгъуащ, дамыгъэ лъапІэхэри къыщратащ.

Барасбий ВЛКСМ-м и Къэбэрдей обкомым и секретару, «Хэку» хасэм и унафІэщІу, мамырыгъэр хъумэнымкІэ Совет Комитетым и Къэбэрдей Балъкъэр къудамэм и тхъэмадзу лэжьащ.

ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд.

Илъэсым и лъэхъэнэхэр

Гъатхэр къос,
Дыгъэр къопс,
ЩІыр игъэхуэбэну.
Къошхыр уэшх,
Уэшхыр къошх,
ЩІыр игъэщхъуэнтІэну.

Гъэ къихьам
Къытхуихьащ
Хадэхэкіхэр, гъавэ.
Хьэрычэт
ИщІми хэт -
Мэхъур псэукІафІэ.

Бжьыхьэ бэв,
Хьэм тевэв…
Губгъуэм итщ лэжьакІуэр.
Жьыуэ тэдж,
Нартыхудэч.
КІэртІофтІыж фынакІуэ.

Уэсыр къос,
Дэни нос
Ди щІымахуэр гушхуэу.
Уэс алътес
Телъу, мес,
Зегъэпсэху щІыгушхуэм.

ИУАН Бубэ.

● Адыгэ хабзэ

Нэхъыжьымрэ нэхъыщІэмрэ

Нахъыжьымрэ нэхъыщІэмрэ я зэхущытыкІэм ехьэлІа хабзэхэр жыжьэ къыщожьэ. Зэманым елъытауэ абыхэми зэхъуэкІыныгъэ ягъуэтурэ къоГуэгурыкІуэ.

Псалъэм папщІэ, гъэщІэгъуэнщ ижьижьыжькІэ узэІэбэкІыжмэ щыІа хабзэу нарт хъыбархэм къахэщыхьыр. А хъыбархэм зэрыжаІэмкІэ жьы, лъэрымыхь хъуахэр тажьджэм ирагъэтІысхьэурэ бгым щагъэжу щытащ.

А хабзэр нартхэм хезыгъэнар Бэдынокъуэщ. Бэдынокъуэ и адэр жьы дыдэ щыхъум, адрейхэми хуэдэу, хабзэм къызэригъэувым тету, тажьджэм иригъэтІысхьэри бгым иригъэжхащ. АршхьэкІэ тажьджэр жыг лъэдакъэ гуэрым фІэнэри къызэтеувыІащ. Апхуэдэу щыхъум, и ажал къэсакъым, къэмысауэ бгым щыздзынкъым, жери Бэдынокъуэ и адэр бгым къыдихыжащ. БгъуэнщІагъэжь гуэрым щигъэпщкІури, нартхэм ямыщІэу гъуэмылэ хуихьуэр щаныІащ. Нартхэр гуэзвэгъуэ щихуэм деж, адэм кърит чэнджэщэкІэ Бэдынокъуэ ахэр къригъэлырт. Сытми, Іэхум и пэжыпІэр къащІа нэужь, нартхэм жьы хъуар бгым щыдзын хабзэр зыханащ икІи нэхъыжьхэр я чэнджэщэгъуэр абыхэм я жыІэм едалуэу псэун щІадзащ.

Нэхъыжьым пщІэрэ нэмысрэ хуэщІын хабзэр адыгэм иджыри зэрехьэ, ауэ уигу къемыуэу хъуркъым ар куэдкІэ къызэрытІэсхъар, зымыгъэзащІэхэр зэрыщыІэр. Абы и щапхъэу къэтщтэнщ тутынафэныр. Адыгэм тутыныр зэриці ыхурэ куэд щІакъым. Къыздрахари урысым я дежщ. Тутыныр къащыхьагъащІэм, цІыхухэр есатэкъыми, зыгуэрым тутын щІигъэнамэ, зэрыхьэблэу къащІихьэрт. Адыгэ щІэныгъэлІ Нэгумэ Шорэ итхыжауэ щытащ къэбэрдейхэр тутын ефэну, ар ягъэкІыну зэрыхуимытым теуха хабзэ 1807 гъэм зэрагъэувыгъар.

Зэман дэкІыу тутыным зиубгъуа нэужьи щІалэхэр нэхъыжьым ялъагъуу тутын ефэртэкъым, ар нэмысынщагъэу къалъытэрти. АтІэ иджы ныбжьыщІэ дапщэ щыІэ нэхъыжь дэнэ къэна, и адэ, и шынэхъыжь бгъэдэту тутыныр зыІуригъэсу. Ар еэзы щІалэхэм я щхьэм пщІэ зэрыхуамыщІыжым и щыхьэтщ.

«Нэмыс здэщымыІэм насыпи щыІэкъым», - жиІащ псалъэжьым. А нэмысым и къежьапІэ, лъабжьэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ нэхъыжьымрэ нэхъыщІэмрэ яку дэлъ хабзэр. Ар дгъэкІуэд, зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым.

ГЪУКІАКЪУЭ Инал.

ПсынщІэрыпсалъэхэр

♦Пыжь пызу пыту жыг.
♦ЩакІуэ щІакъуэм щІакхуэ ныкъуэ щІакІуэ щІагъым щІэлъу ехь.
♦Ди пщІэгъуалэжьыр кІагуэ пэхущ, кІапэ хужьщ, кІэмажьэкІэщ, псы кІэнтхъ ифщ, псыІуфэрыхъущ.
♦ЖьэгУм дэлъ жьэ жьэражьэм лІыжьым кхъужь мыхъу пэрихьумащ.

Си чыцІ цІыкІур

Си чыцІ цІыкІур,
Си чыцІ цІыкІур
Хъурыфабзэщ, натІэ фэкъущ,
Удзхэр щхъуантІэу къызэрыкІрэ
Имыдэж ишхыну мэкъу.

КъызэрыкІмэ, ещІ шыгъажэ,
Джэдми къазми яхуолъ,
Зэ щІихьамэ, къымыгъаззу
ПсыІэрышэм зэпролъ.

Си чыцІ цІыкІуу си гъэфІэныр,
Къуэш цІыкІу хуэдэу, къыздоджэгу,
ИфІэфІщ бжьэфкІэ шэ ефэныр,
Уеблэм, ар йошхыкІ си Іэгу.

Ауэ чыцІым зы хьэл мыгъуэ
Хэльщи, куэдрэ сигу хегъэщІ:
Хадэм мэжэ, хуит зэрыхъуу -
Ди жыг цІыкІуэр «тфІеуэхъуэнщІ».

ГЪУБЖОКЪУЭ Лиуан.

Хьэл-щэным, зэхущытыкІэхэм ятеуха псалъэжьхэр

●Акъыл кІэщІыр бзэгу кІыхьщ.
●Губгъэн фІэмылЫкІыр жылэм я нэхъыкІэщ.
●Гупыр зыгъэгупыр гуп и уасэщ.
●Делэ гуэшэгъу нэхърэ губзыгъэ дэуэгъу.
●Дыгъужьым мэл зыфІихьыфынур и пыІэ щыгукІэ къещІэ.
●Дзы зи бэ убэрейщ.

Хьэфэ топ

Топ, топ,
Хьэфэ топ,
Упщэхащи - сызэгуоп.
Банэ папщІэ къыпхэуа?
Е абдж дзакІэм
УІуа?
ИІэт - гъуанэр
сыгъэлъагъуи,
Ба уІэгъэм хуэзгъэщІыжьт.
Мис итІанэ -
зыбгъэщІагъуэу
Янэм хуэдэу къэлъенжьт.

ТАЗ ФатІимэ.

Псалъэзэблэдз Хьэрф «А»



УпщІэхэр: **1**. Джэдкъаз лъэпкъ. **2**. Псы Іуфэ чыцэхэм, мэкъупІэхэм щыпсэу бзу гъуабжэ. **3**. Адэм и анэш. **4**. Хущхъуэ щахъумэ, щащэ Іэхъущ1апІэ. **5**. Пщыхьэщхьэ, пшапэ зэхэуэгъуэ. **6**. Адыгэхэм къагъэхъуа шы лъэпкъыфІ. **7**. Хым хэс бдзэжьеишхуэ. **8**. Іуащхьэ щыкуэд, бгъилъэ щІыпІэ. **9**. Къэрэшей - Шэрджэсым щыпсэу лъэпкъ, а лъэпкъым щыщ цІыху. **10**. Дыхьэшхэн, щІэнэкІалъэ.

Жэуапхэр пэжмэ, къехыу фыкъеджэнщ адыгэ уэрэдыжьхэм, хъыбархэм къыхэщыж лІыхъужьыщІэ.

Жэуапхэр:

Къехыу - Анатемирхан.

1. Аланэ. 2. Аджегиз. 3. Аташ. 4. Аптиз. 5. Ахатлан. 6. Аулегл. 7. Апчеи. 8. Арбич. 9. Аба-зэ. 10. Аулан.

Шыкъулътыр

Тетщ къырыщхьэм шыкъулътыр,
И бжьакъуитІыр хуэдэщ жыр.
Къуршым итщ ар, пкІэуэ, лъэуэ,
Мыхутыкъуэу, жьижьэ плъэуэ.

Къурш бжэн гупи кърешэкІ,
Яригъэшхъым хъуныфІ фІэкІ.
Ар Іэмалкіэ Іэкіуэлъакіуэщ,
ЯІэщІокІ дыгъужьи щакІуи.

Мис апхуэдэщ а къурш ажэр,
Шыкъулътырыр зи цІэ пажэр.

КЪАГЪЫРМЭС Борис.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Астьэн, НэщІэныдж Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщІ Иэз.

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэнымрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; зэдзэкІаКІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІынальэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыту къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А (12+)

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жуап зыхь секретарь **Къаншокъуэ Эллэ,** *редактору* **Жыласэ Заурбэч,** *корректорхэу* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(1, 4-нэ нап.),* **ЩхьэщэмыщІ Иэз** *(2, 3-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ* **Дол Маринэ, Бещто Оксанэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 2.110 ● Заказ №903